BILTEN ENFÒMASYON SOU VAKSEN :

Vaksen kont grip

Bagay ou bezwen konnen

(Vaksen kont grip, vivan, nan twou nen)

2014-2015

Many Vaccine Information Statements are available in Spanish and other languages. See www.immunize.org/vis

Anpil bilten enfòmasyon sou vaksen yo disponib an panyòl ak lòt lang. Al gade nan www.immunize.org/vis

1 Poukisa pou yo pran vaksen an ?

Grip ("flu") se yon maladi kontajyez ki pwopaje nan Etazini chak ivè, dabitid ant oktòb ak me.

Se viris grip yo ki bay grip. Grip la pwopaje sitou lè moun touse, ekstènye ak nan kontak kolekole ak lòt moun.

Nenpòt moun ka pran grip, men risk la pi plis pami timoun. Sentòm yo vini bridsoukou e yo ka dire plizyè jou. Pami sentòm yo, genyen :

- lafyèv / frison
- malgòj
- doulè nan vyann kò w
- fatig
- tous
- maltèt
- nen k ap koule oswa nen bouche

Grip ka lakoz kèk moun pi malad pase kèk lòt. Pami moun ki ka pi malad yo, genyen : jenn timoun, moun ki gen 65 an oswa ki gen plis pase 65 an, fanm ansent ak moun ki soufri kèk maladi tankou maladi nan kè, nan poumon oswa nan ren yo, maladi nan sistèm nève yo oswa sistèm defans kò yo fèb. Vaksen kont grip la espesyalman enpòtan pou moun sa yo ak nenpòt moun ki gen kontak kolekole avèk yo.

Grip ka lakoz tou nemoni epi li ka fè lòt maladi moun nan te genyen vin pi mal. Li ka lakoz timoun yo gen dyare ak kriz malkadi.

Chak ane **grip touye plizyè milye moun nan Etazini**, epi l fè yon pakèt lòt moun al entène nan lopital.

Vaksen kont grip la se pi bon pwoteksyon kont grip ak konplikasyon l yo. Vaksen kont grip ede tou pou prevni grip la pwopaje soti nan yon moun al nan yon lòt.

2 LAIV - Vaksen vivan e atenye kont grip pou espre nan nen

Yo pral ba w yon **vaksen atenye kont grip, ki fèt ak yon viris vivan** (ki rele LAIV). Se flite y ap flite l nan nen w. "Atenye" vle di afebli. Yo te afebli viris yo ki nan vaksen an pou yo pa ka ba w grip.

Gen lòt vaksen kont grip "inaktive" e "ki fèt ak viris ki pa anvi" ki pa gen viris vivan ladan yo. Se avèk yon sereng y ap ba w "piki kont grip" sa yo.

Yo bay enfòmasyon sou vaksen yo bay ak sereng yo nan yon lòt bilten enfòmasyon sou vaksen.

Yo rekòmande pou moun pran vaksen kont grip la chak ane. Kèk timoun ki gen ant 6 mwa a 8 an ka bezwen de dòz pa ane.

Viris grip yo toujou ap chanje. Chak ane yo fè vaksen kont grip la pou l bay pwoteksyon kont viris yo ki gen chans pou yo lakoz maladi nan ane sa a. LAIV bay pwoteksyon kont 4 viris grip diferan. Vaksen kont grip la pa ka prevni tout ka grip, men se pi bon defans kont maladi a.

Li pran apeprè 2 semèn apre vaksinasyon an pou moun devlope pwoteksyon kont grip la, e pwoteksyon an ap dire plizyè mwa jiska yon ane.

Pa erè, yon konn konfonn kèk lòt maladi, viris grip la **pa** lakoz, ak maladi grip la. Vaksen kont grip la pap ka prevni maladi sa yo. Li ka sèlman prevni grip.

Yo ka bay moun ki gen **2 jiska 49 an** vaksen LAIV a. Li ka pa lakoz pwoblèm si yo bay li an menm tan ak lòt vaksen.

LAIV pa gen thimerosal oswa lòt prezèvatif ladan l.

3 Kèk moun pa dwe pran vaksen sa a

Fè moun k ap ba w vaksen an konnen :

- **Si w te janm gen nenpòt alèji grav oswa ki te menase lavi** tankou (pa ekzanp) alèji ak jelatin oswa antibyotik. Si w te janm gen yon reyaksyon alèjik ki te menase lavi w apre yon dòz vaksen kont grip oswa si w fè alèji grav ak nenpòt pati nan vaksen sa a, ou pa dwe pran vaksen an.
- **Si w te janm gen sendwòm Guillain-Barré** (yon maladi grav ki ka paralize w, yo rele tou GBS). Kèk moun ki te soufri GBS pa dwe pran vaksen sa a. Ou dwe diskite sa ak doktè w.
- **Si w gen pwoblèm lasante ki dire lontan**, tankou pwoblèm kè, repirasyon, nan ren, nan fwa oswa sistèm nève, doktè w ka ede deside si w dwe pran LAIV.

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

- **Si w te pran nenpòt lòt vaksen nan 4 dènye semèn yo oswa si w pa santi w byen**. Dabitid, pa gen pwoblèm pou yon moun pran vaksen kont grip si l santi l ontijan malad, men yo ka konseye w pou w ret tann jiskaske w fè mye. Ou dwe retounen lè w fè mye.
- **Ou dwe pran piki kont grip la olye sa yo flite nan nen an si ou :**
  - ansent
  - gen yon sistèm defans ki afebli
  - fè alèji ak ze
  - se yon jenn timoun ki fè opresyon oswa souf li ap rele sou kòf lestomak li
  - se yon timoun oswa adolesan ki gen lontan l ap pran aspirin
  - pral pran swen oswa vizite yon moun ki bezwen swen espesyal poutèt sistèm defans li afebli anpil anpil, nan entèval 7 pwochen jou yo (mande moun ki ba w swen lasante a)
  - te pran medikaman kont viris grip la nan 48 dènye èdtan yo

Moun ki ap ba w vaksen an ka ba w enfòmasyon.

4 Risk pou moun fè reyaksyon a vaksen an

Lè moun pran yon vaksen, tankou nenpòt medikaman, gen chans pou l gen efè segondè. Dabitid, efè segondè sa yo pa grav e y ap pase poukont yo.

Pwoblèm ki ka rive apre w pran nenpòt vaksen :

- Li ra anpil pou yon moun fè reyaksyon alèjik grav apre yon vaksen. Yo estime reyaksyon alèjik grav yo ka rive nan pi piti pase 1 sou yon milyon dòz. Si youn ta rive, dabitid l ap fèt nan entèval kèk minit a kèk èdtan apre vaksinasyon an.

Pwoblèm ki pa grav yo te rapòte apre moun te fin pran LAIV :

Timoun ak adolesan ki gen 2 a 17 an :
- nen k ap koule, nen bouche oswa tous
- lafyèv
- maltèt ak doulè nan vyann kò w
- souf yo ap kriye sou kòf lestomak yo
- malvant oswa kèkfwa vomisman oswa dyare

Adilt ki gen 18 a 49 an :
- nen k ap koule, nen bouche
- malgòj
- tous, frison, fatig / feblès
- maltèt

Yo fè LAIV ak viris yo afebli. **Li pap lakoz moun gen grip.**

Menm jan ak nenpòt medikaman, gen yon ti chans tou piti piti pou yon vaksen lakoz yon domaj grav oswa lanmò.

Yo toujou ap siveye pou moun pran vaksen yo an tout sekirite. Pou plis enfòmasyon, vizite : **www.cdc.gov/vaccinesafety/**

5 E si reyaksyon an grav ?

Kisa m dwe chache ?

- Chache nenpòt bagay ki enkyete w tankou siy reyaksyon alèjik grav, gwo gwo lafyèv oswa chanjman nan konpòtman.

  Pami siy reyaksyon alèjik grav yo genyen : chofi, anflamasyon nan figi ak gòj, difikilte pou respire, batman kè rapid, tèt vire ak feblès. Yo ka kòmanse nan kèk minit jiska kèk èdtan apre vaksinasyon an.

Kisa m dwe fè ?

- Si w panse se yon reyaksyon alèjik grav oswa lòt ijans ki pa ka ret tann, rele 9-1-1 epi mennen moun nan nan lopital ki pi pre a. Otreman, rele doktè w.
- Apre sa, yo dwe rapòte reyaksyon an bay Sistèm pou Rapòte Efè Segondè Vaksen (yo rele l an anglè VAERS). Doktè w la dwe voye rapò sa ale oswa ou ka fè l poukont ou atravè sit entènèt VAERS la nan **www.vaers.hhs.gov** oswa w ka rele **1-800-822-7967**.

VAERS pa bay konsèy medikal.

6 Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Domaj Vaksen Lakoz

Pwogram Nasyonal Konpasasyon pou Domaj Vaksen Lakoz (VICP) se yon pwogram yo te kreye pou konpanse moun ki viktim akoz efè kèk vaksen fè sou yo.

Moun ki kwè yo te viktim akoz efè yon vaksen ka enfòme yo sou pwogram nan ak sou kijan yo fè yon demand pou konpansasyon lè yo rele **1-800-338-2382** oswa vizite sit entènèt VICP a nan **www.hrsa.gov/vaccinecompensation**. Gen yon delè pou ranpli demand pou konpansasyon an.

7 Kijan m ka aprann plis ?

- Mande moun ki ba w swen lasante a.
- Rele depatman lasante nan lokalite w la oswa nan eta a.
- Kontakte Sant yo pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) : 1-888-767-4687
  - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Al nan sit entènèt CDC a nan **www.cdc.gov/flu**

DCH-1237HC
AUTH: P.H.S., Act 42, Sect. 2126.

Vaccine Information Statement (Interim)

Live Attenuated Influenza Vaccine

8/19/14

42 U.S.C. § 300aa-26

HAITIAN CREOLE

Translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon , ak orè yo rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistreman an.